

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Nurutkeun Leavy (dina Sudarmanto spk, 2021) désain panalungtikan téh nyaéta pengaturan kondisi ngumpulkeun jeung nganalisis data, anu miboga udagan pikeun ngahijikeun rélevansi tujuan panalungtikan jeung prosedur panalungtikan salila lumangsungna prosés panalungtikan, kamampuh siswa diukur saméméh jeung sabada dibéré perlakuan (*treatment*) ngagunakeun modél pangajaran *Talking Stick*. Hasilna bisa ditinggali ku cara ngabandingkeun tés awal jeung tés ahir. Struktur désain ieu panalungtikan téh digambarkeun saperti ngagunakeun désain *one group pre-test and post-test design*. Ieu panalungtikan dimimitian ku cara méré *pre-test*, tuluy ngalakukeun perlakuan (*treatment*) sangkan ngalatih kamampuh siswa dina pangajaran maca dongéng kalawan ngagunakeun modél pangajaran *Talking Stick* tuluy dipungkas ku méré *post-test*.

Tabél 3. 1

Désain Panalungtikan

<i>Pre-test</i>	<i>Treatment</i>	<i>Post-test</i>
O ₁	X	O ₂

(Arikunto,2013, kc.124)

Keterangan :

O₁ : *pre-test* (kamampuh maca dongéng siswa saméméh ngagunakeun modél *Talking Stick*)

X : Perlakuan/*treatment* (ngagunakeun modél pangajaran *Talking Stick*)

O₂ : *post-test* (kamampuh maca dongéng siswa sabada ngagunakeun modél *Talking Stick*).

3.2 Sumber Data

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMP Negeri 7 Bandung anu aya di Jl. Ambon No. 23, Kelurahan Citarum, Kecamatan Bandung Wétan, Kota Bandung, Jawa Barat. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VII-C

SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 anu jumlahna 31 siswa ngawengku, 15 urang lalaki, jeung 16 urang awéwé.


Tabél 3. 2

Jumlah Siswa Kelas VII-C SMP Negeri 7 Bandung

Wanda Baga	Jumlah Siswa
Lalaki	15
Awéwé	16
Jumlah Sakabéh Siswa : 31	

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan téh mangrupa léngkah-léngkah aktivitas anu dilakukeun ku panalungtik pikeun nyangking hasil, tujuan, jeung kacindekan sacara sistematis. Pamarekan anu dipaké nya éta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, désain anu dipaké nyaéta *one group pre-test and post-test desain*. Prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun dina bagan saperti di handap.



Bagan 3. 1

Alur Panalungtikan

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh siswa, dina maca dongéng saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Talking Stick*. Tés awal (*Pre-Test*) maksudna pikeun mikanyaho gambaran atawa kamampuh siswa saméméh dibéré *treatment* maca dongéng. Sedengkeun tés ahir (*Post-Test*) dilaksanakeun pikeun mikanyaho gambaran hasil ahir diajar siswa sabada uji coba kalawan maké modél pangajaran *Talking Stick*.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Pikeun ngajawab pasualan panalungtikan, instrumén diperlukeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data tur nguji hipotésis sangkan bisa ngahontal udagan dina panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 102), instrumén panalungtikan mangrupa salasahiji alat nu digunakeun pikeun rupa-rupa kajadian, boh éta kajadian alam atawa sosial nu ditiénan. Sacara spésifik disebut variabel panalungtikan.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés tulis pilihan ganda. Dina prak-prakana panalungtikan baris dilaksanakeun tés awal (*Pre-Test*) jeung tés ahir (*Post-Test*) anu pungsina pikeun mikanyaho pangaweruh siswa kelas VII di SMP Negeri 7 Bandung, dina maca dongéng saméméh ngagunakeun modél *Talking Stick* jeung sabada diajar ngagunakeun modél *Talking Stick*. Ieu di handap mangrupa soal pamahaman anu dibikeun ka siswa.

Tabél 3. 3

Instrumén Panalungtikan

- | |
|---|
| <ol style="list-style-type: none"> 1. Dongéng <i>Sangkuriang</i> ditilik tina eusina kaasup kana dongéng... <ol style="list-style-type: none"> a. Fabél b. Parabel c. Légénda d. Mite |
|---|

<p>2. Sasatoan naon nu aya dina dongéng <i>Sangkuriang</i> téh?</p> <p>a. Anjing b. Hayam c. Maung d. Manuk</p>
<p>3. Saha palaku nu maéhan si Tumang dina dongéng <i>Sangkuriang</i>?</p> <p>a. Dayang Sumbi b. Sangkuriang c. Raja Sungging d. Si Tumang</p>
<p>4. Dongéng <i>Sangkuriang</i> asalna ti daérah...</p> <p>a. Jawa Barat b. Jawa Timur c. DKI Jakarta d. Banten</p>
<p>5. Dimana latar tempat tina dongéng <i>Sangkuriang</i>?</p> <p>a. Talaga b. Walungan c. Kadaton d. Leuweung</p>
<p>6. Dina dongéng <i>Sangkuriang</i>, Dayang sumbi téh ... Sangkuriang</p> <p>a. Bibina b. Raina c. Rakana d. Indungna</p>
<p>7. Dina dongéng <i>Sangkuriang</i>, Si Tumang téh... Sangkuriang</p> <p>a. Bapana b. Indungna c. Bibina d. Akina</p>
<p>8. Sasatoan naon nu ditéangan Sangkuriang jeung si Tumang téh?</p> <p>a. Hayam b. Anjing c. Kijang d. Maung</p>
<p>9. Amanat tina dongéng <i>Sangkuriang</i> téh nyaéta...</p> <p>a. Jadi jalma mah kudu soméah b. Ulah horéam-an c. Kudu boga sipat handap asor d. Kudu miboga sipat jujur</p>
<p>10. Naha si Tumang bisa jadi salaki Dayang Sumbi..</p> <p>a. Si Tumang nyokot alat tenun Dayang Sumbi anu murag b. Dijodohkeun ku bapana c. Kapaksa d. Si Tumang nu meunag perang jeung lalaki nu séjén</p>
<p>11. Galur dina dongéng <i>Sangkuriang</i> kaasup kana galur...</p> <p>a. Mundur</p>

<ul style="list-style-type: none"> b. Maju c. Teu maju d. Maju mundur
<p>12. Dongéng <i>Situ Bagendit</i> asalna ti daérah...</p> <ul style="list-style-type: none"> a. Bandung b. Garut c. Tasik d. Ciamis
<p>13. Palaku utama dina dongéng <i>Situ Bagendit</i> nyaéta...</p> <ul style="list-style-type: none"> a. Si Konong b. Ratu Inten Dewata c. Nyai Asih d. Nyai Bagendit
<p>14. Dimana latar tempat dina dongéng <i>Situ Bagendit</i>...</p> <ul style="list-style-type: none"> a. Leuweung b. Walungan c. Lembur d. Kota
<p>15. Amanat tina dongéng <i>Situ Bagendit</i> téh nyaéta...</p> <ul style="list-style-type: none"> a. Jadi jalma ulah sarakah b. Kudu bisa ngajaga harta c. Kudu pinter jadi jalma téh d. Ulah barang béré kabatur
<p>16. Sipat tokoh Nyai Bagendit nyaéta...</p> <ul style="list-style-type: none"> a. Adigung, h handap asor, bageur b. Pelit, haweuk, adigung c. Jujur, handap asor, pelit d. Hawek, bageur, pinter
<p>17. Dongéng <i>Situ Bagendit</i> ditilik tina eusina kaasup kana dongéng...</p> <ul style="list-style-type: none"> a. Fabel b. Parabel c. Legénda d. Mite
<p>18. Téma tina dongéng <i>Situ Bagendit</i> nyaéta...</p> <ul style="list-style-type: none"> a. Moral b. Kulawarga c. Kahirupan d. Cinta
<p>19. Latar waktu dina dongéng <i>Situ Bagendit</i> nyaéta...</p> <ul style="list-style-type: none"> a. Beurang b. Isuk-isuk c. Peuting d. Jaman baheula

20. Galur dina dongéng *Situ Bagendit* kaasup kana galur...
- a. Maju
 - b. Mundur
 - c. Maju mundur
 - d. Teu maju

3.6 Analisis Data

Analisis data nyaéta kagiatan nu dilakukeun sabada kabéh data bérés kakumpul. Téhnik analisis data miboga tujuan pikeun medar jawaban tina data anu geus dikumpulkeun. Data nu geus kakumpul tuluy dianalisis pikeun ngajawab hipotésis. Data anu bakal diolah jeung dianalisis téh ngawengku tina hasil *pre-test* jeung *post-test*. Ku kituna aya sababaraha tahap analisis dina ieu panalungtikan, di antarana saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa hasil tés *pre-test* jeung *post-test* dumasar kana aspék kritéria dina tabél 3.4

Tabél 3. 4

Rubrik Penilaian Maca Dongéng

NAS	Aspék						P	K
	A	B	C	D	E	F		

Keterangan :

NAS : Nomor Absén Siswa

A : Jenis

B : Palaku

C : Latar

D : Téma

E : Galur

F : Amanat

P : Peunteun

K : Katégori

- 2) Méré niléy kana data hasil mariksa pikeun nangtukeun skor ahir, kalawan make rumus:

Fikri Firmansyah, 2023

MODÉL TALKING STICK DINA PANGAJARAN MACA DONGÉNG

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pedoman Penilaian

$$NA = \frac{\text{Skor kahontal}}{\text{Skor maksimal}} \times 100$$

- 3) Sabada menteun, léngkah nu satuluyna nyaéta ngasupkeun data skor *pre-test* jeung *post-test* kana ieu tabél di handap

Tabél 3. 5

Format Peunteun *Pre-test* jeung *Post-Test* Kamampuh Maca Dongéng

NAS	<i>Pre-Test</i>								<i>Post-Test</i>							
	A	B	C	D	E	F	∑	P	A	B	C	D	E	F	∑	P
1																
2																
∑																
\bar{x}																

Keterangan :

NAS = Nomor absén siswa

A = Jenis

B = Palaku

C = Latar

D = Téma

E = Galur

F = Amanat

P = Peunteun

∑ = Jumlah

\bar{x} = Rata-rata

3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data ngawengku uji normalitas pikeun mikanyaho normal henteuna data, sarta ngalakukeun uji hipotésis. Ieu panalungtikan dianalis ngagunakeun aplikasi *SPSS (Statistical Product and Service Solution)* versi 18.

3.6.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas miboga fungsi sangkan mikanyaho normal atawa henteuna data nu digunakeun dina ieu panalungtikan. Nurutkeun Sujarweni (2007, kc. 55) uji normalitas miboga tujuan pikeun mikanyaho distribusi data dina variabel nu digunakeun dina panalungtikan. Ku kituna, aya sababaraha métode pikeun nguji normal atawa henteuna data, salasihijina nyaéta *Kolmogorov-smirnov* atawa *Shapiro Wilk*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H₁ : distribusi data normal

H₀ : distribusi data teu normal

Uji normalitas dina ieu panalungtikan dilakukeun ku cara uji *Shapiro-Wilk* ku sabab jumlah data unggal kelompok kurang ti 50, kalawan kritéria saperti ieu di handap.

H₁ : ditarima, saupama nilai signifikan (sig) $\geq 0,05$

H₀ : ditarima, saupama nilai signifikan (sig) $\leq 0,05$

3.6.1.2 Uji Hipotésis

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 110), hipotésis asalna tina kecap “*hipo*” nu hartina di handap, jeung “*tesis*” nu hartina bebeneran. Ku kituna, hipotésis nyaéta dugaan nu can tangtu bebeneranana, bisa disebut bener lamun geus dirojong ku bukti-bukti anu geus diuji ngaliwatan panalungtikan. Dina uji hipotésis, aya dua cara nu bisa dipaké. Upama hasil uji normalitas nunjukeun hasil data anu distribusina normal, éta data diuji ngagunakeun *Statistic Parametic* kalawan ngagunakeun *t-test*. Sedengkeun hasil uji normalitas nunjukeun hasil data anu distribusina teu normal, éta data diuji hipotésisna ngagunakeun *Statistic non-parametic* kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon Match Pairs Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis, dumasar kana kritéria saperti ieu di handap.

H₁ (Hipotésis alternatif) : Aya béda nu signifikan antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Talking Stick* dina pangajaran maca dongéng siswa kelas VII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajar 2022/2023.

H_0 (Hipotesis nol) : Henteu aya béda anu signifikan antara saméméh jeung sabada digunakeun modél *Talking Stick* dina pangajaran maca dongéng siswa kelas VII-C SMP Negeri 7 Bandung Taun Ajar 2022/2023.